

gang, upama loba nu butuh haregana gé bakal leuwih undak. Antukna, ti waktu ka waktu lahan beuki mahal. Kanyataan kudu gé loba rambat-kamalé-na, raketna jalma jeung lahanna, bisa ngendoran da kagoda ku harega.

Mungkin pentingna lahan, ngabalukarkeun loba pihak nu ngamang-paatkeun lahan keur kapentingan pribadi atawa golonganana. Ku lantaran kitu, kajinekan atawa kapastian hukum ngeunaan lahan téh kacida pentingna. "Kapastian hukum kudu dilarapkeun geusan ngahontal kaadilan, méré panyalindungan hukum nu pasti keur nu boga tanah. Ku kituna, dina ngawujudkeun kapastian hukum, pamaréntah samistina ngarobah pen-daptaran tanah tina stélsel négatif jadi stélsel positif kalayan dibarung ku nyindekkeun waktu 'kadaluarsana', saperti nu diatur dina Pasal 1946 KUH-Perdata. Ku cara kitu, sertifikat téh bisa jadi jaminan kapastian hukum ti pamaréntah kanu nyekelna," ceuk ieu Doktor Ilmu Hukum Lulusan Pascasarjana Universitas Pasundan (Unpas) Bandung téh.

Sanggeus sarifikat dijimekkeun teu bisa dibatalkeun, mun aya 'kasus' yén aya pihak séjén nu bisa ngabuktikeun éta lahan nu geus diaku batur, malah geus disarifikatan, kuduna mah tetep teu bisa dibatalkeun. "Tapi, nu bener nu ngabogaan éta lahan, kudu meunang gaganati ti pamaréntah kalayan harega nu saimbang jeung lahanna nu geus diaku ku batur téa," pokna.

Miang tina Hariwang

Upama Dr. Saim Akstinuddin, SH., MH kapincut ku soal lahan, mémang ti lingkungan masarakat nu raket jeung lahan téa pamianganana téh. Inyana teureuh Indramayu nu kulawargana téh patani. Di éta lembur di wewengkon Wagir Kacamatan Gantar Indramayu, umumna padumuk ngandelkeun pangupa jiwana tina hasil tatanén, jadi patani, ngebon, melak lauk jeung ingon-ingon. Nanging, umumna masarakat, teu miduli kana pentingna susuratan tanahna.

Kanyataan masarakat kawas kitu, nodél mamaras rasana. Atuh, Saim gé mokuskeun ulikan élmu hukumna kana soal kapastian hukum lahan. Disertasi gé tumali jeung pasualan lahan adat waktu nyanghareupan sis-tem hukum pertanian di Indonésia.



Nepikeun desertasina dina sidang terbuka doctor

Ceuk pikirna, lahan téh geusan kaadil-lan nu kudu pasti jaminan hukumna keur pihak-pihak nu bogana atawa ogé ngokolakeunana. "Apan élmu téh kedah mangpaat boh sacara tiori boh larapna ti lapangan," ceuk ieu panga-cara nu lahir taun 4 Maret taun 1970 téh.

Si Budak Angon

Najan anjeuna nanjung ti Bandung, teu poho ka lembur bali geusan ngajadi mah. Inyana gé biasa kénéh nyaba ka lembur nepungan dulur, baraya jeung batur-baturna. "Tetep tibelat ka lembur mah," pokna ngumbar panineungan.



Rengse acara sidang terbuka doctor, di aula Pasca sarjana Universitas Pasundan

Baréto keur budak, nu apal téh sawah jeung kebon. Ti leuelutik geus dibiasakeun mantuan kolot. Jadi purah ngangon munding. Mun éta munding sina ngawuluku atawa ngagaru, janari leutik gé kira-kira tabuh dua peuting geus dikencarkeun dibawa ka sawah. Dipasawahan panganganan, nu anggagna ti imah kinten-kinten dua atawa tilu kilo méter, inyana ngadaplok dina tong-gong munding, diharudum sarung, nyieuhkeun tirisna hawa peuting.

Munding téh sina nyatuan heula, da rék diarah tanagana, sina narik wuluku atawa garu boh di sawah Abah (rama-na, H. Amput- Alm.) boh di sawah batur ngalap buruhan. Mun geus masrahkeun munding, inyana balik heula ka lembur. Lain ulin, da saterasna mah kudu nganteuran Abah, mawa deui sangu nu geus disadiakeun ku Ema (Ibuna, Hj. Eneh-Alm), keur Abah di sawah.

Wanci pecat sawed, munding réngsé lakon gawé. Tah, bagian Saim deui mawa munding ka walungan sina mandi, sina ngeueun, nu saterasna dibawa deui ka panganganan. Kitu jeung kitu wé, da harita mah can sakola.

Mandi gé remen babarengan jeung munding di walungan. Kokojoyan jeung babaturan. Mun keur usum hujan, komo mun keur dordar gelap, najan tiris gé sok maksakeun manéh ngeueun di walungan. Mun aya koléngay sok lep teuleum, ngadagoan gelegera sora guludug. "Sieun ku guludug," ceuk ieu rama Rizki Baharudin Saim sareng Fauzah Iramawati Saim téh nyoréang mangsa ka tukang.

Waktos manjing umur sakola, Saim can dititah sakola. Padahal mah, inyana kabitaeun pisan ku batur-baturna nu sarakola téh. Kahayangna kawas kitu, kanyahoan ku Ki Itam (tatanggana) nu barudakna gé sarakola. Kalayan teu bébéja heula ka kolotna, Saim didaptar-keun janjén murid kelas hiji, najan batur-batur sakelasna mah geus sababaraha bulan leuwih theula. Sual jati dirina gé pangwangna lebah titi mangsa lahir ku Ki Itam dilelebah. "Janten, tanggal lahir sareng taunna gé rupina sanes nu saleresna," pokan dibarung mésem.

Boh Abah boh Emana teu apaleun mun Saim sakola. Atuh, ditétéangan, da bisi kumaha onam. Ngan lila-lila mah



Sakaluaraga

aya nu ngabéjakeun yén Saim téh sakola. Harita kénéh diyakinkeun ku Abah ka sakola. Ari geus kitu mah, Abah ogé teu bisa majar kumaha, ngidinan Saim sakola asal tetep teu poho kana kawajibanana ngangon munding.

Ti imah ka sakola téh anggang, kinten-kinten opat atawa lima kilo méter. Sakapeung mun usum hujan kudu kekeceprukan ngaprak sawah. Kituna téh kapaksa da mun nguriling mah, mapay jalan nu aya kudu muter nu hartina leuwih jauh, leuwih lila nepi ka sakola.

Najan bari baranggawé, teu burung junun sakola. Tamat SD asup ka SMP PGRI di Haurgeulis. Ti dinya nerus-keun sakola ka SMA di Negeri Kandanghaur, Indramayu. Kituna téh, tetep deuih kudu bari sagawé-gawé di sawah jeung ngurus ingon-ingon.

Ti waktu SMA kénéh, boga cita-cita hayang sakola ka Bandung. Loba béja di Bandung mah loba perguruan tinggi. Ari harita, can kungsi inyana ka Bandung. Malah, teu apal lebah-lebahna éta kota téh. Mun keur ngangon peuting-peuting di sawah, di jauhna, tém-bong cahaya lampu ti kidul, tah éta tempat nu disangkana Bandung téh.

Satutas SMA, maksakeun kuliah di Bandung. Bekel saaya-aya meunang kukumpul waktu ngajual hasil tatanén atawa hasil kebon. Angkanaan mah hayang kuliah di negeri. Miang ka Bandung, nyorangan, ukur dibéjaan ku ba-

baturanana nu kuliah di Bandung kalayan kos di Tamansari. Tah, éta alam nu dijujung téh. Kapanggih sotéh alamna, bubuhan apal kana anduk babaturan téa nu keur didindingkeun dina sasampayan.

Daptar ka PTN teu katarima. Tapi, teu pondok pangharepan. Antukna, milih Universitas Pasundan (Unpas), daptar di Fakultas Hukum. Sakolana lana, tanjrih, ti S-1 diteruskeun ka S-2, antukna S-3, di Fakultas Hukum, tetep renggenek di Unpas.

Mun nyoréang mangsa ka tukang, ceuk Saim, loba nu jadi panineungan. Apan, harita téh kapaksa kudu kos da teu boga sirurukan. Mangka taya samak-samak acan. Baturna mah baroga kasur sakurang-kurangna karpét. Rék meuli teu boga duit, antuk-na maksakeun manéh mawa kasur ti lembur. Erana mah natak, sieun ka-panggih ku babaturan. Kasur nu biasa dipaké di lembur téh digolongan dibabukkeun (di asupkeun) kana karung. Ti Indramayu, dianteurkeun ku Abah nepi ka Pagadén (Subang). Ti dinya, kana beus nepi ka Kebon kalapa. Teras ti Kebon kalapa leumpang bari mawa kasur ka tempat kosan di Babakan Ciamis (Jl. Pajajaran). Nga-haja milih waktu geus reup-reupan, da sieun kanyahoan ku babaturan mawa kasur butut ti lembur. Kasur téh digan-dong kabeneran keur simpé. Gura-giru blus ka kamar. Salamet, teu kanyahoan ku babaturanana!*** (Ensa/Nay)